

Sa ki pral lè ou depoze yon Reklamasyon



Workers' Compensation Board

Konpansasyon travayè peye pou swen sante pou bay tretman pou yon chòk oswa yon maladi w ap soufri akòz travay ou. Epitou li peye yon avantaj pou salè ou pèdi.

SI OU TE PRAN YON CHÒK NAN TRAVAY

1. Chèche jwenn swen medikal imedyatman. Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen ou te pran yon chòk nan travay ou.
2. Di anplwayè w, alekri, kilè ak kijan ou te pran chòk la. Fè sa nan 30 jou ki vini apre ou te pran chòk la.
3. Depoze yon **Reklamasyon Anplwaye (Employee Claim, Fòm C-3)** pou deklare chòk/maladi ou a bay Konsèy Konpansasyon Travayè (Konsèy) la pi vit posib. Tanpri sonje, ou fèt pou depoze yon reklamasyon nan de (2) zan apre chòk/maladi ou a. Menm si travay ou dwe deklare ensidan an tou, l ap bon si ou deklare li tou. Si ou te pran yon chòk nan menm pati nan kò sa a deja, oswa ou te gen menm kalite chòk sa a deja, ou dwe depoze yon fòm **Otorizasyon Limite pou Pataje Enfòmasyon sou Sante (Limited Release of Health Information, Fòm C-3.3)**.

FASON POU DEPOZE YON REKLAMASYON ANPLWAYE (FOM C-3)

Ale sou sitwèb wcb.ny.gov epi chwazi **File a Claim (Depoze yon Reklamasyon)**.

Ranpli yon **Fòm C-3** sou papyè - ki disponib nan biwo travay ak Konsèy Konpansasyon Travayè yo, ak nan wcb.ny.gov - epi voye li pa lapòs bay Komisyon Konsèy la nan:

NYS Workers' Compensation Board
PO Box 5205
Binghamton, NY 13902-5205

Rele **(877) 632-4996** si ou bezwen asistans pou ranpli yon reklamasyon.

SWEN SANTE

Anjeneral, ou kapab itilize nenpòt pwofesyonèl swen sante Komisyon an otorize, tankou Rezo Klinik Sante Okipasyonèl Eta New York (NYS Occupational Health Clinic Network) la. Si anplwayè ou gen yon rezo Òganizasyon Pwofesyonèl Swen Sante Prefere (preferred provider organization, PPO) pou swen medikal konpansasyon travayè, ou dwe resevwa premye tretman ou nan rezo PPO sa a.

Si konpayi asirans sa a gen yon rezo famasi oswa tès dyagnostik, ou dwe resevwa sèvis nan rezo sa yo. Konpayi asirans lan dwe fè ou konnen si li gen rezo pwofesyonèl swen sante obligatwa li yo ak fason pou itilize yo.

Pa peye lajan kach ou pou tretman, medikaman, oswa ekipman yo preskri pou konpansasyon travayè. Konpayi asirans konpansasyon travayè a dwe peye bòdwo yo amwenske ou pa te eseye touche reklamasyon an oswa Komisyon konsèy la deside li pa te yon reklamasyon ki valid. Nan ka sa a, ou dwe peye pwofesyonèl swen sante yo (oswa soumèt bòdwo yo bay konpayi asirans sante regilye ou). Ou kapab fè chèche yon pwofesyonèl swen sante otorize sou sit entènèt Komisyon Konsèy la, wcb.ny.gov. Si ou gen pwoblèm ak swen ou oswa si ou bezwen èd pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante otorize, rele **Biwo Direktè Medikal Komisyon Konsèy la nan, (800) 781-2362**.

VWAYAJ AK LÒT DEPANS

Yo ka ranbouse w pou milyaj, transpò piblik oswa lòt depans nesèsè ou te fè lè ou te deplase pou resevwa tretman an. Soumèt resi pou depans sa yo omwen chak sis (6) mwa ba Komisyon Konsèy la ak konpayi asirans la sou fòm **Dosye Medikal ak Depans Vwayaj Moun Prezante Reklamasyon an a ak Demann pou Ranbousman (Claimant's Record of Medical and Travel Expenses and Request for Reimbursement, Fòm C-257)**, ki sou sitwèb Komisyon Konsèy la.

AVANTAJ POU SALÈ OU PÈDI

Konpayi asirans la dwe peye ou pou avantaj pou salè ou te pèdi yo touswit si chòk ou a:

- anpeche w travay pou plis pase sèt (7) jou.
- lakòz yon pati nan kò ou andikape nèt.
- lakòz yon rediksyon nan salè paske kounye a ou dwe travay mwens èdtan oswa fè travay yon travay ki diferan ak sa ou te konn fè avan chòk la.

SI GEN YON ODYANS

Souvan yo peye avantaj yo otomatikman. Sepandan, pafwa yo bezwen fè yon odyans pou rezoud pwoblèm. Si nou bezwen fè yon odyans, ou pral resevwa yon avi nan men Komisyon Konsèy la ki ba ou rezon pouki y ap fè odyans lan, adrès ak dat odyans la. Li enpòtan pou w gade tout lèt ou resevwa nan men Komisyon Konsèy la epi reponn jan yo di w la. Kenbe kopi yo pou dosye ou.

Ou gen dwa pou yon avoka oswa reprezantan ki gen lisans reprezante ou nan nenpòt ki pwon nan reklamasyon w lan. Yon reprezantan ka itil pou dosye ki gen dispit ak sa ki konplèks epi yo ka reponn kesyon reklamasyon ou yo. Moun sa a pa gen dwa mande oswa resevwa lajan nan men ou. Komisyon Konsèy la detèmine frè pou sèvis jiridik epi y ap retire frè a sou lajan yo ba ou pou salè ou te pèdi a.

Patisipe nan odyans ou epi konprann ki sa k ap pase. Si w gen kesyon, mande konsèy jiridik ou a oswa jij la. Ou kapab patisipe nan odyans la nan telefòn tou. Si ou pa ale nan yon odyans, kontakte Komisyon Konsèy la pi vit posib pou pran yon lòt randevou.

SI GEN DISPIT POU REKLAMASYON OU A

Detanzantan, konpayi asirans la gendwa konteste reklamasyon yo. Konpayi asirans lan ka pa dakò ou te pran yon chòk ki gen pou wè ak travay, oswa li ka deklare li pa t gen kontra asirans ak anplwayè w, oswa bay yon lòt rezon. Si yo konteste reklamasyon ou an, Komisyon Konsèy la pral fè yon odyans. Yon jij lwa konpansasyon travayè pral revize dosye medikal ou, salè, ak lòt prèv ak temwayaj. Apresa, jij sa a pral deside pwoblèm nan epi detèmine si w ap resevwa nenpòt avantaj.

Ou menm oswa konpayi asirans anplwayè w la kapab konteste desizyon sa, alekri, nan 30 apre dat ou te depoze reklamasyon an. Twa (3) manm Komisyon Konsèy la ap evalye kontestasyon an epi yo pral apwouve li, chanje li oswa refize li. Yo ka mande pou fè plis odyans tou.

Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York pwoteje dwa anplwaye yo ak patwon yo lè nou asire moun ki pran chòk oswa ki malad touche avantaj yo kòm sadwa, epitou lè nou ankouraje respè lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Konpansasyon Travayè a, ale sou sitwèb wcb.ny.gov.

Si y ap kotneste dosye w, ou ka aplike pou resevwa avantaj andikap pandan w ap tann desizyon konsènan dosye w lan. Pou aplike pou avantaj pou andikap, w ap bezwen soumèt yon fòm **Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj pou Andikap (Notice and Proof of Claim for Disability Benefits, Fòm DB-450)** ki disponib sou sitwèb Komisyon Konsèy la. Epitou, ou ka rele Komisyon Konsèy la pou asistans, oswa ale nan yon biwo Komisyon Konsèy. Si yo rezoud reklamasyon konpansasyon travayè a anfavè ou, y ap retire avantaj pou andikap yo sou lajan yo ba ou pou salè ou te pèdi yo.

YON KALANDRIYE POU REKLAMASYON OU A

Tretman medikal: Chèche èd medikal imedyatman. Al wè doktè ou 15 jou apre chòk lan epi chak 90 jou si ou kontinye pèdi tan travay.

Ranplasman salè: Si w andikape, epi yo aksepte dosye ou a, ou pral touche nan 18 jou apre chòk la oswa 10 jou apre yo te mete konpayi asirans la okouran. Si y ap konteste dosye w lan, ou pral gen yon odyans pou pran yon desizyon konsènan reklamasyon ou a.

ASISTANS NAN LANG

Konsèy la ap tradui dokiman yo nan nenpòt lang ou bezwen. Epit tou li pral òganize yon entèprèt pou odyans ou a, epi l ap toujou gratis. Tanpri rele **(877) 632-4996** pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon.

GEN ÈD KI DISPONIB

Pafwa ou bezwen èd pou retounen travay. Anplwayè ou ka mete ou nan lòt kalite pòs travay oswa pòs travay lejè k ap pèmèt ou travay pandan w ap geri. Si ou gen pwoblèm famiyal oswa finansyè paske ou gen chòk la, oswa ou bezwen konsèy sou fason pou retounen travay, Konsèy lan gen konsej pou ede ou retounen travay ak travayè sosyal pou ede ou. Rele Konsèy lan pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sa yo.

Vizit: wcb.ny.gov

Rele: (877) 632-4996

Imèl: General_Information@wcb.ny.gov

